becik ngidunga karuhun, aja age age ngabdi, yen durung eklas ing batos.

di belakang hari. Jika hati belum bulat, jangan kau mengabdi, lebih baik jika menumpang tinggal dulu jangan kemudian mengabdi jika batin belum pasrah

05

Anggur angindhunga bae nora ewuh, lan nora nana kang ngiri,
mung mungkul pakaryanipun, nora susah tungguk kemit, seba apan nora nganggo

Lebih baik menumpang tinggal agar tidak susah dan tidak ada yang memerintah, tekun bekerja, tidak perlu bertugas jaga, bahkan tidak perlu menghadap

06

Mung yen ana tontonan neng lurung, glindhang-glindhung tanpa keris,
sarwi mbanda tanganipun, kemul bebede sasisih, andhodhok pinggiring bango.

cuma jika ada keramaian tontonan di jalan, keluar dengan kain bebed sebelah sambil bersilang tangan, hilir mudik tanpa keris, duduk di pinggir warung.

07

Suprandene jroning tyas anglir tumenggung, mengku bawat Senen Kemis,
mankono iku liripun, nora kaya wong ngabdi, wruh ing plataran Katong.

Meskipun demikian, di dalam hatinya merasa sebagai seorang tumenggung yang berpayung kebesaran. Sikap seperti itu bukanlah sikap pengabdi yang setiap hari hanya melihat halaman istana

08

Lan keringan sarta ana aranipun, lan ana lungguhe ugi,
ing salungguh-lungguhipun, nanging ta dipunpakeling, mulane pinardi kang wong.

yang terhormat, memiliki gelar dan kedudukan. Tetapi ingat, orang yang mengabdi itu harus memperhatikan:

09

Samubarang ing karsanira Sang Ratu, sayekti kudu nglakoni,
sapalakartine iku, wong kang padha-padha ngabdi, panggaweyane pan saos.

Seluruh perintah raja harus dilaksanakan, karena kewajiban mengabdi adalah menghadap dan menantikan perintah raja

10

Kang nyantana bupati mantri panewu, kliwon peneket miji,
panalawe lan pananjung, tanapi para prajurit, lan kang nambut karyeng katong.

Baik yang mengabdi sebagai bupati, mantri, penewu, kliwon, peneket, miji, panalawe, pananjung, maupun prajurit dan yang bekerja pada raja

11

Kabeh iku kawajiban sebanipun, ing dina kang amarengi,
wiyosanira Sang Aprabu, sanadyan tan miyos ugi, pasebane aja towong.

Semua memiliki kewajiban untuk menghadap pada hari yang bersamaan pada saat raja bersidang. Sekalipun tidak ikut bersidang, jangan (dijadikan alasan untuk) tidak menghadap

12

Ingkang lumrah yen karep seba wong iku, nuuli ganjaran denicih,
yen tan oleh nuli mutung, iku sewu sewu sisip, yen wus mangerti ingkang wong.

Biasanya, orang yang rajin menghadap itu mengharapkan mendapat hadiah, jika tidak mendapat hadiah, ia ngambek. (sikap seperti itu) keliru bagi orang yang bijak

13

Tan mangkono etunge kang sampun weruh, mapan ta datan denpikir, ganjaran pan wus karuhun, amung naur sihing Gusti, winales ing lair batos.

Bagi yang sudah mengetahui, perhitungannya tidak begitu, masalah hadiah tidak dipikirkan, karena hadiah sebenarnya sudah diterima terlebih dahulu, sehingga tinggal membalas kebaikan raja dengan lahir batin

14

Setya tuhu marang saprentahe pan manut, ywa lenggana karseng Gusti, wong ngawula paminipun, lir sarah mungging jaladri, darma lumaku sapakon.

Melaksanakan segala perintah raja. Jangan membantah kehendak raja. Orang mengabdi ibarat sampah di samudra, hanya sekedar menjalankan

15

Dene begja cilaka utawa luhur, asor iku pan wus pasthi,
ana ing bebadanira, aja sok anguring uring, marang Gusti Sang Akatong.

Adapun kebahagiaan dan kesengsaraan, ataupun tinggi rendah tergantung pada takdir masing-masing, jangan suka marah kepada raja

16

Mundhak ngakehaken ing luputireku, ing Gusti tuwin Hyang Widdhi,
dene ta sabeneripun, mupusa kalamun pasthi, ing badan tan kena megoh.

Hal itu akan menambah kesalahan kepada raja serta Yang Mahakuasa. Yang benar adalah menerima takdir diri, jangan berdiam diri

17

Tulisane ing lohkil makful kang rumuhun, pepancen sawiji-wiji,
tan kena owah sarambut, tulising badan puniki, aja na mundur pakewoh.

Yang sudah tersurat dalam laukhil makfudz tidak dapat diubah barang serambutpun, oleh karena itu jangan mundur menghadapinya (mundur adalah isyarat pola tembang berikutnya, yaitu durma)

PUPUH 7: DURMA

01

Dipunsami ambanting sariranira, cegah dhahar lan guling,
darapon sudaa, nepsu kang ngambra-ambra,
rerema ing tyasireki, dadi sabarang, karsanira lestari.

Biasakanlah melatih dirimu untuk prihatin dengan mengurangi makan dan tidur agar berkurang nafsu yang menggelora, heningkan hatimu hingga tercapai yang kau inginkan

02

Ing pangrawuh lair batin aja mamang, yen sira wus udani,
ing sariranira, yen ana kang Murba,
misesa ing alam kabir, dadi sabarang, pakaryanira ugi.

Janganlah ragu terhadap pengetahuan lahir batin. Jika kau memahami bahwa dalam kehidupan ini ada yang berkuasa, mudah-mudahan keinginanmu terkabul

03

Bener luput ala becik lawan begja, cilaka mapan saking,
ing badan priyangga, dudu saking wong liya,
pramila den ngati-ati, sakeh durgama, singgahana den eling.

Benar salah, baik buruk, serta untung rugi, bukankah berasal dari dirimu sendiri? Bukan dari orang lain. oleh karena itu, hati-hatilah terhadap segala ancaman, hindari dan ingat

04

Mapan ana sesiku telung prakara, nanging gedhe pribadi,
pan iki lilira, ingkang telung prakara,
aja anggunggung sireki, kalawan aja, nacad kepati pati.

Bukankah ada tiga perkara utama yang akan membesarkanmu? Ketiga perkara tersebut adalah jangan menyombongkan diri, jangan mecela

05

Lawan aja mamaoni barang karya, thik-ithik memaoni,
samubarang polah, tan kena wong kumlebat,
ing mangsa mengko puniki, mapan wus lumrah, padha wasis maoni.

Dan jangan mengritik hasil orang lain, sedikit-sedikit mengritik, segala tingkah orang lain dikritik. Memang zaman sekarang sudah lumrah orang mengritik

06

Mung tindake dhewe nora winaonan, ngrasa bener pribadi,
sanadyan benera, yen tindake wong liya,
pastine ingaran sisip, iku kang lumrah, ngganggo bener pribadi.

Hanya hasil karya sendiri yang tidak dikritik karena merasa paling benar. Meskipun benar, jika perbuatan orang lain pasti dikatakan salah. Hal itu salah karena kebenarannya menggunakan (ukuran) diri sendiri

07

Nora nana panggawe kang luwih gampang, kaya wong maoni,
sira eling-eling, aja sugih waonan,
den samya raharjeng budi, ingkang prayoga, singa-singa kang lali.

Tidak ada perbuatan yang lebih mudah daripada mengritik. Kau ingatlah, jangan terlalu sering mengritik, selalulah berpikir baik. Barang siapa yang lupa

08

Ingkang eling angelingena ya marang, sanak kanca kang lali,
den nedya raharja, mangkono tindakira,
yen datan kaduga uwis, teka menenga, aja sok angrasani.

Dari yang ingat, maka ingatkan. Kepada sanak dan kerabat semoga bahagia. Begitu seharusnya tindakanmu, namun jika tidak diturut, maka diamlah, namun jangan membicarakan

09

Nemu dosa anyela sakpadha-padha, dene wong ngalem ugi,
yen durung tetela, ing beciking manungsa,
aja age nggunggung kaki, menek tan nyata, dadi cirinireki.

Kau akan berdosa pada sesama. Begitupun jika kau memuji yang belum kau buktikan kebenarannya, jangan terburu-buru memuji, Anakku. Karena jika tidak terbukti malah akan menjadi celaan

10

Dene ingkang wus kaprah ing mangsa samangkya, yen ana den senengi,
ing pangalemira, pan kongsi pandirangan,
matane kongsi mandelik, nadyan alaa, ginunggung becik ugi.

Adapun yang sering terjadi pada zaman sekarang adalah jika ada orang yang disenanginya maka dipuji setinggi langit sampai matanya melotot, meskipun jelek tetapi tetap dikatakan baik

11

Aja ngalem aja mada lamun bisa, yen uga jaman mangkin
iya samubarang, yen nora sinenengan,
denpoyok kapati pati, nora prasaja, sabarang kang denpikir.

Kalau bisa, jangan memuji atau mencela. Namun kini, jika tidak disenangi maka akan dicela habis-habisan, yang dipikirkan pun bermacam-macam

12

Ngandhut rukun becike ngarep kewala, ing wuri angarsani,
ingkang ora-ora, kabeh kang rinasan,
ala becik denrasani, tan parah-parah, wirangronge gumanti.

Pada awalnya berpura-pura baik, tetapi di belakang diomongkan yang bukan-bukan, pembicaraan pun berganti (wirangrong merupakan isyarat pergantian pola tembang beirkutnya, yaitu wirangrong)

PUPUH 8: WIRANGRONG

01

Den samya marsudeng budi, wiweka dipunwaspaos,
aja dumeh bisa muwus, yen tan pantes ugi,
sanadya mung sekecap, yen tan pantes prenahira.

Hendaklah kau berusaha mengendalikan diri dan berhati-hati, jangan mentang-mentang pandai berbicara jika tak layak (didengar), meskipun hanya sepatah kata jika bukan pada tempatnya

02

Kudu golek mangsa ugi, panggonan lamun miraos,
lawan aja age sira muwus, dununge denkaesthi,
aja age kawedal, yen durung pantes lan rowangnya.

Carilah waktu dan tempat jika ingin bicara, jangan terburu-buru berbicara sebelum kau piker, jangan cepat-cepat kau keluarkan (isi hati) jika belum layak siapa yang kau ajak bicara

03

Rowang sapocapan ugi, kang pantes ngajak calathon,
aja sok metua wong celathu, ana pantes ugi,
rinungu mring wong kathah, ana satengah micara.

Perhatikan dengan siapa kau berbicara sehingga tidak asal bicara. (pembicaraan itu) ada yang layak didengarkan orang banyak ada pula yang tidak

04

Tan pantes akeh ngawruhi, mulane lamun miraos,

dipunngarah-ngarah ywa kabanjur, yen sampun kawijil,
tan kena tinurutan, milane dipunprayitna

Diketahui orang banyak. Oleh karena itu, jika berbicara jangan melantur karena jika telanjur terucap tidak dapat ditarik kembali

05

Lan maninge wong ngaurip, aja ngakehken supaos,
iku gawe reged badanipun, nanging mangsa mangkin,
tan ana etung prakara, supata ginawe dinan.

Di samping itu, orang hidup jangan terlalu banyak bersumpah, itu akan mengotori dirimu, namun zaman sekarang tidak ada pertimbangan, bersumpah adalah perbuatan sehari-hari

06

Denpadha gemi ing lathi, aja ngakehke pepisoh,
cacah cucah srengen ngabul-abul, lamun andukani,
dendumeling dosanya, mring abdi kang manggih duka.

Berhematlah dengan lidahmu, jangan memperbanyak umpatan, menggerutu, dan marah-marah. Jika kau marah, sebutkan kesalahan bawahanmu itu

07

Lawan padha denpakeling, teguhena lahir batos,
aja ngalap randhaning sedulur, sanak miwah abdi,
kanca rewang sapangan, miwah maring pasanakan.

Dan juga ingatlah, kuatkan lahir batin, jangan mengharapkan janda saudaramu, kerabat, maupun bawahanmu, dan seterusnya

08

Gawe salah grahitani, ing liyan kang sami anom,
nadyan lilaa lanangipun kang angrungu elik,
ing batin tan pitaya, mangsa kuranga wanodya.

Hal itu akan membuat curiga orang yang mengetahuinya, sekalipun suaminya rela, tetapi yang mendengarnya tidak yakin, tidak mungkin kurang wanita

09

Tan wurung dipun cireni, ing batin ingaran rusoh,
akeh jaga-jaga jroning kalbu, arang ngandel batin,
ing tyase padha suda, pangandele mring bendara.

Hal itu pasti dijadikan tanda dan dicap jorok. Di dalam hatinya, mereka tidak percaya, hal itu menyebabkan kepercayaan kepada tuannya akan berkurang

10

Ana cacad agung malih, anglangkungi saking awon,
apan sakawan iku kehipun, dhingin wong madati,
pindho wong ngabotohan, kaping tiga wong durjana.

Ada lagi cacat yang lebih besar dari kesalahan, yaitu empat perilaku, pertama madat, kedua bertaruh, dan ketiga pencuri

11

Kaping sakawane ugi, wong ati sudagar awon,
mapan suka sugih watekipun, ing rina lan wengi,
mung bathine denetang, alumuh lamun kalonga.

Yang keempat adalah berwatak pedagang. Adapun watak pedagang dianggap jelek karena siang malam hanya memikirkan keuntungan, tidak mau jika berkurang

12

Iku upamane ugi, duwe dhuwit pitung bagor,
mapan nora marem ing tyasipun, ilange sadhuwit,
gegetun patang warsa, padha lan ilang saleksa.

Meskipun memiliki uang tujuht karung pun, belum tenang hatinya, sekalipun hanya hilang satu sen, menyesalnya sampai empat bulan, sama dengan hilang seribu

13

Wong ati sudagar ugi, sabarang prakara tamboh,
amung yen ana wong teka iku, anggegawe ugi,
gegadhen pan tumranggal, ulate teka sumringah.

Orang berwatak pedagang, dalam banyak hal pura-pura tidak tahu, namun jika ada orang yang datang sambil membawa barang jaminan, ia bersikap ramah dan wajanya pun cerah

14

Dene wong durjana ugi, nora nana kang den batos,
rina wengi mung kang denetung, duweke liyan nenggih,
dahat datan prayoga, kalamun wateke durjana.

Sedangkan watak pencuri, tidak ada lagi yang dirasakan, siang malam yang diperhitungkan adalah milik orang lain. Oleh karena itu sangat tidak baik berwatak pencuri

15

Dene bebotoh puniki, sabarang pakaryan emoh,
lawan kathah linyok para padu, yen pawitan enting,
tan wurung anggegampang, ya marang darbeking sanak.

Adapun watak penjudi itu malas bekerja, sering berbohong, dan suka beradu mulut, jika modalnya habis, maka menggampangkan segala milik saudara

16

Nadyan wasiyating kaki, nora wurung dipunedol,
lamun menang endang gawe angkuh, pan kaya bupati,
weweh tan ngarah-arah, punika awoning bangsat.

Bahkan warisan kakeknya pun berani dijual. Jika menang lupa daratan, lagaknya seperti bupati, memberi dengan tanpa perhitungan. Begitulah kejelekan penjudi

17

Kabutuh pisan memaling, tinitenan saya awon,
apan boten wonten panedinipun, pramilane sami,
sadaya nyinggahana, anggegulang ngabotohan.

Jika sudah terpaksa terus mencuri, lama-kelamaan kejelekannya ketahuan karena memang tidak ada penghasilan. Oleh karena itu, hindarilah dan jangan lakukan perjudian

18

Dene ta wong kang madati, kesade kaworan lumuh,
amung ingkang dados senengipun, ngadhep diyan sarwi,
linggih ngamben jejegang, sarwi leleyang bedudan.

Adapun pemadat wataknya malas tidak kepalang, kesukaannya hanya menghadapi lampu sambil duduk di amben bertumpang kaki sambil menimang culim

19

Yen leren nyeret andhidhis, netrane pan merem karo,
yen wus ndadi awake akuru, cahya biru putih,
njalebut wedi toya, lambe biru untu pethak.

Jika berhenti menghisap madat, matanya terkatup. Jika sudah parah, maka tubuhnya kurus kering, wajahnya kuyu, takut airbibir biru sedangkan gigi putih kotor

20

Beteke satron lan gambir, jambe suruh arang wawoh,
ambekane sarwi melar mingkus, watuke anggigil,
jalagra aneng dhadha, tan wurung ngesto bolira.

Karena tidak kenal gambir, pinang, dan sirih. Napasnya kembang kempis tersengal—sengal, batuk tiada henti, dan dahak menyumbat dada, dan akhirnya mengeluarkan bul

21

Yen mati nganggo ndalinding, suprandene nora kapok,
iku padha singgahana patut, ja ana nglakoni,
wong mangan apyun ala, uripe dadi tontonan.

Jika sakit disertai mencret. Meskipun begitu (ia) tidak kapok. Itu patut kalian hindari, jangan ada yang melakukan (perbuatan itu). Orang madat itu hidupnya menjadi tontonan

22

Iku kabeh nora becik, aja na wani anganggo,
panggawe patang prakara iku, denpadha pakeling,
aja na wani nerak, kang wani nerak tan manggih arja.

Itu semua tidak baik, jangan ada yang berani melakukan empat perkara tersebut. Dan ingatlah, jangan ada yang berani nekat, yang berani nekat tidak akan menemui kesejahteraan

23

Lawan ana waler malih, aja sok anggung kawuron,
nginum sajeng tanpa mangsa iku, endi lire ugi,
angombe saben dina, pan iku watake ala.

Ada lagi pantangan, jangan suka mabuk, minum tanpa batas waktu, (padahal) minum-minuman setiap hari itu tabiatnya buruk

24

Kalamun wong wuru ugi, ilang prayitnaning batos,
nora ajeg barang pikiripun, elinge ning ati,
pan baliyar-baliyar, endi ta ing becikira

Pemabuk akan kehilangan keseimbangan batin, pikirannya tidak jelas, ingatannya goyang. Lalu, di mana kebaikannya?

25

Lan aja karem sireki, ing wanodya ingkang awon,
lan aja mbuka wadi siraku, ngarsaning pawestri,
tan wurung nuli corah, pan wis lumrahing wanita.

Jangan pula kau menyukai wanita yang kotor, jangan pula kau membuka

rahasia di depan wanita sebab akan menjadi buah bibir. Bukankah begitu umumnya wanita

26

Tan bisa simpen wewadi, saking rupake ing batos,
pan wus pinanci dening Hyang Agung, nitahken pawestri,
apan iku kinarya, ganjaran marang wong priya.

Tidak bisa menyimpan rahasia karena sempitnya hati. Sudah menjadi kodrat dari Yang Mahaagung, menciptakan wanita sebagai hadiah kepada para lelaki

27

Kabeh den padha nastiti, marang pitutur kang yektos,
aja dumeh tutur tanpa dhapur, yen bakale becik,
denanggo weh mufangat, kaya Pucung lan kaluwak.

Semuanya mesti waspada, jangan hanya karena nasihat sederhana. Jika itu memang baik ,maka dengarkanlah karena jika dilaksanakan memberi manfaat., jangan seperti pucung dan kluwak. (Pucung lan kluwak merupakan isyarat pola tembang berikutnya)

PUPUH 9: PUCUNG

01

Kamulane, kaluwak nom-nomanipun,
pan dadi satunggal, pucung arane puniki,
yen wus tuwa kaluwake pisah-pisah.

Pada waktu muda, buah kluwak menyatu dan namanya pucung, jika sudah tua, kluwak tersebut terpisah

02

Den budiya, kapriye ing becikipun,
aja nganti pisah, kumpula kaya enome,
anom kumpul tuwa kumpul kang prayoga.

Bagaimanapun juga, usahakan jangan sampai berpisah, bersatunya seperti masa muda, muda menyatu ketika tua pun sebaiknya menyatu

03

Aja kaya, kaluwak enome kumpul,
basa wis atuwa, ting salebar dhewe-dhewe,
nora wurung dadi bumbu pindhang.

Jangan seperti kluwak, ketika masih muda menyatu, namun ketika tua masing-masing menyebar, akhirnya hanya sebagai bumbu pindang

04

Wong sadulur, nadyan sanak dipunrukun,
aja nganti pisah, ing samubarang karsane,
padha rukun dinulu teka prayoga.

Persaudaraan itu, meskipun dengan saudara jauh harus rukun, jangan sampai terpisah dalam segala hal. Jika hidup rukun akan baik dilihat orang

05

Abot entheng, wong duwe sanak sadulur,
enthenge yen pisah, pikire tan dadi siji,
abotipun yen sabiyantu ing karsa

Banyak saudara memang ada berat dan ada juga ringannya. Ringan bila masing-masing pikirannya terpisah, adapun beratnya jika (kita) membantu segala hal

06

Luwih abot, wong duwe sanak sadulur,
ji – tus tadhingira, yen golong sabarang pikir,
kacek uga lan wong kang tan sugih sanak

Lebih kokoh jika banyak saudara, satu berbanding seratus jika bersatu hati, lebih baik dibadingkan tidak memiliki saudara

07

Lamun bener, lan pinter pamomonganipun,
kang ginawa tuwa, aja nganggo abot sisih,
dipunpadha pamengku mring santana.

Jika benar dan pandai memperlakukannya. Yang merasa dituakan jangan berat sebelah, harus berlaku seimbang terhadap kerabat dan bawahan

08

Mapan ewuh, wong tinitah dadi sepuh,
tan kena gumampang, iya marang sadulure,
tuwa anom aja beda traping karya.

repot jika dituakan, tidak boleh menganggap gampang kepada saudara. Jangan membedakan perintah, baik kepada yang muda maupun kepada yang tua

09

Kang saregep, kalawan ingkang malincur,

padha denkawruhan, sira alema kang becik,
kang malincur age sira bendonana.

Yang rajin dan yang malas harus kau ketahui. Pujilah ia yang rajin, sedangkan yang malas, segera marahilah

10

Yen tan mari, binendon nggone malincur,
age tinatrapan, sapantese lan dosane,
pan sentana dimene dadi tuladha.

Jika tidak sadar kemalasannya dengan dimarahi, jatuhilah hukuman yang seimbang dengan kesalahannya agar menjadi contoh

11

Lan wong liya darapon wedia iku, kang padha ngawula,
ing batine wedi asih,
pan mangkono labuhan dadi wong tuwa

Bagi orang lain, orang yang mengabdi akan menjadi segan dan setia. Bukankah begitu seharusnya perilaku orang yang dituakan

12

Den ajembar, Denamot lan denamengku,
Denpindha segara, tyase ngemot ala becik,
mapan ana pepancene sowang-sowang.

Seyogyanya berhati bersih dan lapang dada bagai samudra, memahami baik dan buruk, bukankah masing-masing memiliki takdir?

13

Pan sadulur, tuwa kang wajib pitutur,
marang kadang taruna, wong anom wajibe wedi,
sarta manut wuruke sadulur tuwa.

Saudara tua memiliki kewajiban untuk memberikan nasihat, adapun kewajiban orang muda adalah segan dan menuruti nasihat saudara tua

14
Kang tinitah, dadi anom aja masgul,
batin ngrumangsaa, yen wis titahing Hyang Widdhi,
yen masgula ngowai kodrating Suksma.

Yang ditakdirkan menjadi saudara muda jangan ragu. Bersyukurlah karena sudah dikehendaki Yang Mahaesa, jika ragu akan mengubah kodrat Allah

15
Nadyan bener, yen wong anom dadi luput,
yen ta anganggoa, ing pikirira pribadi,
pramilane wong anom aja ugungan

Orang muda, sekalipun benar tetap dipersalahkan, hal itu jika kau turuti pikiran sediri. Oleh karena itu, orang muda jangan manja

16
Yen dadi nom, denweruh ing enomipun,
dene ingkang tuwa, denkaya banyu ing beji,
denawening paningale aja samar

Jika ditakdirkan muda, sadarlah dengan kedudukan mudanya, adapun yang tua jadilah seperti air di kolam, jernihkan penglihatanmu

17

Lawan maning, ana ing pituturingsun,
yen sira amaca, layang sabarang layange,
aja pijer ketungkul ngelingi sastra.

Di samping itu, nasihatku, jika kau membaca segala macam serat (kitab), jangan hanya terpaku pada (keindahan) sastranya

18

Caritane, ala becik dipunweruh,
nuli rasakena, laying iku saunine,
denkarasa kang becik sira anggoa

Pahami baik dan buruk ceritanya, kemudian renungkan (makna) cerita yang tertulis, yang kau rasa baik, ambillah

19

Ingkang ala, kawruhana alanipun,
dadine tyasira weruh ala lan becik,
ingkang becik wiwitane sira wruha.

Yang jelek pahamilah kejelekannya sehingga kau memahami mana yang buruk dan mana yang baik. Adapun yang baik, pahamilah asal mulanya

20

Wong kang laku, mangkono wiwitanipun,
becik wekasanya, wong laku mangkono wite.
ing satemah puniku pan dadi ala.

Orang yang bertindak begitu di awal, akan baik pada akhirnya, sedangkan orang yang bertindak sebaliknya akan berakibat buruk

21

Ing sabarang, prakara dipunkadulu,
wiwitan wekasan, bener lan lupute kesthi,
ana becik wekasane dadi ala.

di setiap perkara dilihat awal akhirnya benar dan salahnya tujuan ada yang baik akhirnya jadi jelek

22

Dipunweruh, iya ing kamulanipun,
kalawan wekasan, punika dipunkalingling,
ana ala dadi becik wekasan.

Pahamilah, baik awal maupun akhir. Perhatikan, ada yang tampak awalnya jelek namun pada akhirnya menjadi baik

23

Ewuh temen, babo wong urip puniku,
apan nora kena, kinira-kira ing budi,
arang mantep wijiling basa raharja.

Kehidupan memang repot karena tidak dapat diperkirakan, jarang sekali tindakan yang baik (wijil adalah isyarat pola tembang berikutnya)

PUPUH 10: MIJIL

01

Poma kaki padha dipuneling, ing pitutur ingong,
sira uga satriya arane, kudu anteng jatmika ing budi,
ruruh sarta wasis, samubarangipun.

Harap kau ingat nasihatku ini, Nak. Engkau juga disebut sebagai kesatria, harus halus dan hening hatimu, lembut, dan cerdas dalam segala hal

02

Lan dennedya prawira ing batin, nanging aja katon,
sasaban yen durung mangsane, kekendelan aja wani mingkis,
wiweka ing batin, densamar densemu.

serta berusahalah untuk berani, namun jangan sampai terlihat, bahkan jika belum waktunya jangan sampai keberanian itu kau perlihatkan, hati-hati, sabar, dan rahasiakan

03

Lan densami mantep maring becik, lan ta wekas ingong,
aja kurang iya panrimane, yen wus tinitah maring Hyang Widhi,
ing badan punika, pan wus pepancenipun.

Melalui isyarat dengan cermat. Di samping itu, pesanku, jangan lupa bersyukur atas karunia Yang Mahakuasa dengan kodrat yang menyertaimu

04

Ana wong narima wus titahing, Hyang pan dadi awon,
lan ana wong tan narima titahe, ing wekasan iku dadi becik,
kawruhana ugi, aja salang surup.

(meskipun demikian) ada orang yang tidak bersyukur malah bernasib baik, sedangkan orang yang bersyukur bernasib jelek. Pahamilah, jangan sampai kau keliru

05

Yen wong bodho kang datan nedya ugi,
tatakon titiron, anarima titah ing bodhone,
iku wong narima nora becik, dene ingkang becik, wong narima iku.

Jika ada orang bodoh tetapi tidak mau bertanya dan tidak mau menerima kodrat kebodohannya, itu tidak baik. Adapun yang baik adalah yang menerima dengan syukur

06

Kaya upamane wong angabdi, amagang Sang Katong,
lawas-lawas ketekan sedyane, dadi mantri utawa bupati,
miwah saliyane, ing tyase panuju.

Seperti orang yang mengabdi kepada raja, lama-kelamaan akan terlihat kemampuannya, (akhirnya) diangkat sebagai menteri atau bupati atau tercapai seluruh keinginannya

07

Nuli narima terusing batin, tan mengeng ing Katong,
tan rumasa ing kanimatane, sihing gusti tekeng anak rabi,
wong narima becik, kang mangkono iku.

Kemudian bersyukur secara lahir dan batin dengan tidak menolak perintah raja karena merasa bahwa semua yang diterimanya sampai ke anak istri adalah atas kasih sayang raja. Orang yang bersyukur seperti itu baik.

08

Nanging arang ing mangsa samangkin, kang kaya mangkono,
kang wus kaprah iyo salawase, yen wis ana linggihe sathithik,
apan nuli lali, ing wiwitanipun.

Namun sangat jarang orang jaman sekarang orang seperti itu. Yang sering terjadi adalah sal sudah memiliki kedukukan meskipun kecil akan melupakan asal-usulnya

09

Pangrasane duweke pribadi, sabarang kang kanggo,
nora eling ing mula mulane, witing sugih sangkaning amukti,
panrimaning ati, kaya anggone nemu.

Perasaanya miliknya itu hasil pribadi, semua benda yang dipergunakan tidak diingat asal-usul bagaimana ia menjadi kaya, bahkan dikiranya diperoleh begitu saja seperti hasil nemu

10

Tan rumasa murahing Hyang Widdhi, jalaran Sang Katong,
ing jaman mengko iya mulane, arang turun wong lumakweng kardi,
tyase tan saririh, kasusu ing angkuh.

Tidak merasa atas kemurahan Yang Mahakuasa itu berkat kasih sayang raja. Itulah sebabnya jaman sekarang jarang orang yang mewariskan kedudukan (kepada keluarganya) karena ia tidak sabar, tergesa-gesa, dan sombong

11

Arang kang sedya amales ing sih, ing Gusti Sang Katong,
lawan kabeh iku ing batine, tan anedya ing Widdhi,
iku wong kang tan wrin, ing nikmat ranipun.

Jarang orang yang berkeinginan untuk membalas kasih sayang raja, raja dari segala raja. Dalam batinnya tidak bersyukur atas anugrah Yang Mahakuasa, (orang seperti itu) tidak merasakan kenikmatan

12

Wong kang tan narima dadi becik, titahing Hyang Manon,
iki uga iya ta rupane, kaya wong kang angupaya ngelmi,
lan wong sedya ugi, kapinteran iku.

Atau orang yang tidak tahu berterimakasih (menyebabkan segalanya) menjadi buruk. Jangan tergesa-gesa dan selalu bertindak sabar, tenang, dan cermat sehingga pekerjaan menjadi baik dan mendatangkan kenikmatan

13

Uwis pinter nanging iku maksih, nggonira ngupados,
ing undhake ing kapinterane, utawa unggahing kawruh yekti,
durung marem batin, lamun durung tutug.

Ada pula orang yang sudah pandai namun masih mencari kepandaian yang melebihi kepandaian dan pengetahuannya, ia belum merasa puas jika belum sempurna

14

Ing pangawruh kang densenengi, kang wus sem ing batos,
miwah ing kapinteran wus dene, ing samubarang pakarya uwis,
nora nganggo lali, kabeh wus kawengku

Pengetahuan yang dia senangi dan sudah tertanam di dalam batin, segala pekerjaan sudah mampu ia lakukan, tidak ada yang terlupakan, semuanya sudah ia kerjakan

15

Yen wong kang kurang narima ugi, iku luwih awon,
barang gawe aja age-age, anganggoa sabar lawan ririh,
dadi barang kardi, resik tur rahayu.

Kalau orang kurang menerima (bersyukur) itu lebih jelek jangan segera berbuat sesuatu pakailah kesabaran dan pelan, jadi barang yang baik dan selamat

16

Lan maninge babo dipunpakeling, ing pitutur ingong,
sira uga padha ngempek-empek, iya marang kang jumeneng Aji,
ing lair myang batin, denngrasa kawengku.

Dan lagi, ingatlah nasihatku. Kalian semua bernaung pada raja. Oleh karenanya, merasalah secara lahir dan batin

17

Kang jumeneng iku kang mbawani, wus karsaning Manon,
wajib padha wedi lan bektine, aja mampang parintahing Aji,
nadyan enom ugi, lamun dadi Ratu.

Bahwa yang menjadi raja memerintah Negara, itu merupakan kehendak Yang Mahatahu, oleh karenanya, jangan ragukan perintahnya. Meskipun masih muda namun menjadi raja

18

Nora kena iya denwaoni, parentahing Katong,
dhasar Ratu bener prentahe, kaya priye nggonira sumingkir,
yen tan anglakoni, pasti tan rahayu.

Tidak boleh dicela. Perintah raja adalah benar adanya, maka bagaimanapun mau menghindar dan tidak menjalankan perintahnya pasti tidak akan membawa kebajikan

19

Nanging kaprpah ing mangsa puniki, anggepe angrengkoh,
tan rumangsa lamun ngempek empek, ing batine datan nedya eling,
kamuktene ugi, ngendi sangkanipun.

Yang lumrah di masa kini adah mendaku, tidak merasa dirinya bernaung, bahkan dalam hatinya tidak mau mengingat asal-usul (kemuliaan itu)

20

Yen eling jalarane mukti, pasthine tan ngrengkoh,
saking durung bisa ngrasakake, ing pitutur engkang dhingin-dhingin,
dhasar tan praduli, wuruking wong sepuh.

Jika ingat asal-usul kemuliaan itu, pasti ia tidak akan sombong. (hal itu terjadi) karena ia belum dapat memahami nasihat orang terdahulu dan tidak perduli nasihat orang tua

21

Ing dadine barang tindak iki, arang ingkang tanggon,
saking durung ana landhesane, nganggo ing karsanira pribadi,
ngawag barang kardi, dadi tanpa dhapur.

Sehingga segala tindakannya jarang yang kokoh karena belum memiliki dasar dan menurutkan kehendak pribadi, ngawur, dan tanpa aturan

22

Mulane ta wekas ingsun iki, den kerep tetakon,

aja isin ngatokken bodhone, saking bodho witing pinter ugi,
mung Nabi kakasih, pinter tan winuruk.

Oleh karena itu nasihatku, Nak, rajinlah bertanya, jangan malu menampakkan kebodohan, kepandaian itu berawal dari kebodohan, Nak. Hanya Nabi terkasih yang pandai tanpa berguru

23

Sabakdane pan tan ana ugi, pintere tetakon,
mapan lumrah ing wong urip kiye, mulane wong anom den taberi,
angupaya ngelmi, dadia pikukuh.

Sesudah itu tidak ada lagi (orang) yang pandai tanpa bertanya. Bukankah sudah lazim kehidupan jaman sekarang bahwa kepandaian diperoleh karena bertanya. Oleh karena itu, orang muda rajinlah mencari ilmu sebagai pegangan

24

Ing driyanira dadi tetali, ing tyas dimen adoh,
sakehing ati kang ala kiye, nadyan lali pan nuli eling,
yen wong kang wus ngelmi, kang banget tuwajuh

Inderamu jadikan sebagai ikatan jiwa yang kuat agar kehidupanmu dijauhkan dari kejahatan. Bagi orang yang berilmu dengan sempurna, meskipun lupa, ia akan segera ingat

25

Kacek uga ingkang tanpa ngelmi, sabarange kaot,
dene ngelmi iku ingkang kangge, sadinane gurokena kariyin,
pan sarengat ugi, parabot kang parlu.

Berbeda halnya dengan orang yang tidak berilmu, segalanya berbeda. Gunakan ilmu dan asahlah setiap hari. Bukankah syariat juga merupakan kewajiban?

26

Ngelmu sarengat puniku dadi, wewadhah kang yektos,
kawruh tetelu kawengkune kabeh, pan sarengat kanggo lair batin,
mulane densami, brangtaa ing ngelmu.

Inderamu jadikan sebagai ikatan jiwa yang kuat agar kehidupanmu dijauhkan dari kejahatan. Bagi orang yang berilmu dengan sempurna, meskipun lupa, ia akan segera ingat (brangtaa merupakan isyarat pola tembang berikut, yaitu asmarandana)

PUPUH 11: ASMARANDANA

01

Padha netepana ugi, kabeh parentahing syarak,
terusna lair batine, salat limang wektu uga,
tan kena tininggala, sapa tinggal dadi gabug, yen misih dhemen neng praja.

Tetapkan juga seluruh perintah agama secara lahir batin. Sholat lima waktu tidak boleh kau tinggalkan. Barang siapa yang meninggalkan sholat akan menjadi kufur. Itupun jika kau masih mencintai kehidupan

02

Wiwitana badan iki, iya saking ing sarengat,
ananing manungsa kiye, rukun Islam kang lelima,
nora kena tininggal, iku parabot linuhung, mungguh uripe neng donya.

Badan ini pun bermula dari syariat, begitupun adanya manusia. Kelima rukun Islam tidak boleh kau tinggalkan, bukankah itu semua perangkat yang mulia bagi kehidupan manusia di dunia

03

Kudu uga denlakoni, rukun lelima punika,
mapan ta sakuwasane, ning aja tan linakyan,
sapa tan ngalakanana, tan wurung nemu bebendu, padha sira estokena.

Kelima rukun Islam itu harus kau laksanakan semampumu, namun jangan sampai tidak kau laksanakan. Barang siapa yang tidak melaksanakan akan mendapatkan hukuman, karenanya laksanakan

04

Parentahira Hyang Widdhi, kang dhawuh maring Nabiu'ullah,
ing Dalil Khadis enggone, aja na ingkang sembrana,
rasakna den karasa, Dalil Khadis rasanipun, dimene padhang ing tyasira.

Segala perintah Yang Mahakuasa, sebagaimana yang disabdakan Nabiullah, dalam dalil dan hadits, jangan sembarangan, rasakan sampai kau merasakan. Camkan betul-betul makna dalil dan hadits agar menerangi hatimu

05

Nora gampang wong ngaurip, yen tan weruh uripira,
uripe padha lan kebo, angur kebo dagingira,
khalal lamun pinangan, yen manungsa dagingipun, pinangan pastine kharam.

Tidak mudah dalam menjalani kehidupan jika kau tidak mengetahui hidupmu. Orang demikian seperti kerbau, bahkan kerbau masih lebih

baik karena dagingnya halal dimakan, tetapi daging manusia itu pasti haram untuk dimakan

06

Poma-poma wekas mami, anak putu aja lena,
aja katungkul uripe, lan aja duwe kareman,
marang papaes dunya, siyang dalu dipun emut, wong urip manggih antaka.

Perhatikan sungguh-sungguh nasihatku, anak cucu jangan terlena, jangan terlalu ingin memiliki perhiasan dunia. Siang malam ingatlah, bahwa orang yang hidup akan menemui kematian

07

Lawan aja angkuh bengis, lengus lanas calak lancang,
calak ladak sumalonong, aja edak aja ngepak,
lan aja siya-siya, aja jahil dhemen padu, lan aja para wadulan.

Dan juga jangan kau bengis, angkuh, mudah tersinggung, pemarah, bermulut lancang, tidak tahu tata karma, galak, dan merendahkan orang lain, gemar bertengkar, dan suka mengadu

08

Kang kanggo ing masa mangkin, priyayi nom kang den gulang,
kaya kang wus muni kowe, lumaku temen kajena,
tan nganggo etung murwat, lumaku kukudhung sarung, anjaluk dendhodhokana.

Untuk masa sekarang, para priyayi muda biasa melakukan perbuatan seperti itu, berjalan pun tidak dihormati karena tidak menggunakan pertimbangan, berjalan pun dengan berkerudung sarung agar tidak dikenali

09

Pan tanpa kusur sayekti, satriya tan wruh ing tata,
ngunggulaken satriyane, yen na ngarah dhinodokan,
anganggoa jajaran, yen niyat lunga anyamur, aja ndodokaken manungsa

Perbuatan semacam itu tidak baik. Dapat dikatakan sebagai kesatria yang tidak tahu adat dan hanya mengandalkan kesatriaannya. Kalaupun ingin menyamar, jangan menyamar sebagai orang lain

10

Iku poma dipuneling, kaki mring pitutur ingwang,
kang wus muni buri kuwe, yen ana ingkang nganggoa,
cawangan wong mblasar, saking nora ngrungu tutur, lebur tan dadi dandanan

Sesungguh-sungguhnya, anakku, ingatlah pesanku ini. Jika ada yang melakukannya, maka ia menjadi orang yang tidak tahu aturan karena tidak mendengarkan nasihat sehingga hancur tidak membawa manfaat

11

Barang gawe dipuneling, nganggoa tepa sarira,
parentah sabenere, aja ambeg kumawawa,
amrih denwedenana dene ta kang wus linuhung, nggone mengku marang bala

Segala perbuatan hendaknya diukur dengan diri sendiri. Berikan perintah berdasarkan kemampuannya, jangan mentang mentang berkuasa agar ditakuti. Bagi orang yang sempurna dalam memerintahkan bawahan

12

Denprih wedi sarta asih, pamengkune maring wadya,
winruhena ing gawe, denbisa aminta-minta,

karyaning wadyanira, ing salungguh-lungguhipun, ana karyane priyangga

Berupaya agar segan dan hormat, dalam memerintah bawahan, tunjukan apa yang harus dikerjakan, jelaskan pekerjaan menurut tugas dan tanggung jawabnya masing-masing

13

Sarta weruhna ing becik, gantungana ing patrapan,
darapon pethel karyane, dimene aja sembrana,
anglakoni ing karya, ywa dumeh asih sireku, yen leleda patrapana

Serta tunjukan pada hal-hal yang baik, berikan sanksi agar rajin dan tidak sembarangan dalam melakukan pekerjaan. Sekalipun engkau sayangi, jika ia teledor, jatuhkan hukuman

14

Nadyan sanak-sanak ugi, yen leleda tinatrapan,
murwaten lawan sisipe, darapon padha wedia,
ing wuri ywa leleda, ing dana kramanireku, aja pegat den warata.

meski saudara dekat jika sembrono dapat dikenai sesuai dengan kesalahannya agar pada takut di belakangnya kamu tidak sembrono lagi, di dalam memberikan penghargaan jangan lepas dari jasa-jasa dan agar merata.

15

Lan maninge suta mami, mungguh anggep wong ngawula,
densuka sokur ing batos, aja pegat ing panedha,
mring Hyang kang amisesa, ing rina wenginipun, mulyaning nagara tata.

dan mengertlah wahai anakku hakikat orang mengabdi ada senang dan sukur dalam hati jangan lepas dari permohonan kepada Tuhan di siang maupun malam demi kesejahteraan negara

16

Iku uga denpakeling, kalamun mulyan kang praja,
mufa'ati mring wong akeh, ing rina wengi ywa pegat,
nenedha mring Pangeran, tulusing karaton Prabu, miwah arjaning negara.

Itu juga harus kau ingat, jika Negara sejahtera akan memberikan manfaat terhadap orang banyak. Siang dan malam jangan sampai putus memohon kepada Gusti Allah agar merestui raja dan ketentraman negara

17

Iku wewalesing batin, mungguh wong suwiteng Nata,
ing lair setya tuhu, lawan cecadhang sakarsa,
badan datan lenggana, ing siyang dalu pan katur, pati uriping kawula.

Demikian itu balas budi secara batin bagi orang yang mengabdi kepada raja, secara lahir setia dan menanti perintah raja, dirinya dan hidup matinya ia pasrahkan, siang maupun malam

18

Gumantung karsaning Gusti, iku traping wadya setiya,
nora kaya jaman mangke, yen wus oleh kalungguhan,
trape kaya wong dagang, ngetung tuna bathinipun, ing tyase datan rumangsa.

Bergantung pada kehendak raja itulah sikap bawahan yang setia, tidak seperti jaman sekarang, jika sudah mendapatkan kedudukan, tingkahnya seperti pedagang, yang diperhitungkan hanyalah untung dan rugi, di hatinya tidak merasa

19

Uwite dadi priyayi, sapa kang gawe ing sira,
nora weruh wiwitane, ing weruhe witira,
dadine saking ruruba, mulane ing batinipun, pangetunge lir wong dagang.

Bagaimana awalnya sehingga menjadi pembesar, siapa yang menjadikanmu demikian, sekalipun tak mengingat pada asal usulnya, pasti dalam hatinya ia tahu mulainya. Ia mejadi pejabat karena suap, maka perhitungannya seperti berdagang

20

Pikire gelisa pulih, rerubane duk dadya,
ing rina wengi ciptane, kepriye lamun bisaa,
males sihing bandara, lungguhe lawan tinuku, tan wurung angrusak desa.

Yang dipikirkan hanya sesegera mungkin kembali modal. Jika demikian, bagaimana ia dapat membalas kebaikan majikannya karena kedudukannya diperoleh dari hasil membeli sehingga ia berani merusak desa

21

Pamrihe gelise bathi, nadyan besuk denpinocota,
duweke sok wisa puleh, kepriye lamun tataa,
polahe salang tunjang, padha kaya wong bebruwun, tan etung duga prayoga.

Dengan harapan segera mendapatkan untung, sekalipun besok dipecat uangku sudah kembali. Bagaimana mungkin dapat tertib karena perbuatannya tidak pantas, seperti orang jahat yang tidak memperhitungakan kebaikan dan nalar

22

Poma padha dipun eling, nganggoa sokur lawan rila,
narima sapancene, lan aja amrih sarama,
mring wadya nandhang karya, lan padha amriha iku, arjaning kang desa-desa.

Oleh karena itu ingatlah. Bersyukurlah jangan kau lupakan. Terimalah keharusan dan jangan mengharapkan suap dari bawahan yang melaksanakan tugas, sebaliknya berusahalah untuk menyejahterakan desa-desa

23

Wong desa pan aja nganti, ewuh anggone nambut karya,
sesawah miwah tegale, nggaru maluku tetapa,
aja denulah-ulah, dimene tulus nenandur, pari kapas lawan jarak.

Orang-orang desa jangan sampai kesulitan dalam menggarap ladang, bekerja, bersawah, bertani, dan membajak, jangan kau ganggu agar mereka dapat terus menanam jagung, padi, kapas, dan jarak

24

Yen desa akeh wongneki, ingkang bathi pasthisira,
wetuning pajeg undhake, dipunrereh pamrihira,
aja nganti rekasa, den wani kalah rumuhun, beya kurang paringana.

Jika desa banyak penduduknya, yang beruntung tentu engkau, karena mendapatkan pajak yang lebih. Oleh karena itu hati-hatilah dalam mengatur jangan sampai menyusahkan, biarlah mengalah dulu, jika kurang biaya, berilah

25

Kapriye gemaha ugi, sakehe kang desa-desa,
salin bekel pendhak epon, pametuhe jung sacacah,
bektine karobelah, satemah desane suwung, priyayi jaga pocotan

Namun bagaimana bumi dapat tentram jika pemimpinnya berganti setiap hari Pon. Tanah satu jung diambil upeti seratus lima puluh sehingga desa kosong karena berganti-ganti pemimpin

26

Poma aja anglakoni, kaya pikir kang mangkono,
tan lingsem tamahe, denpadha angestakena,
mring pitutur kang arja, nora nana alanipun, wong nglakoni kebecikan.

Sesungguh-sungguhnya jangan ada yang melakukan perbuatan itu sebab pada akhirnya akan mempermalukan dirimu. Patuhilah nasihat yang memberi kesejahteraan karena tidak ada jeleknya menjalankan kebaikan

27

Nom-noman samengko iki, yen dipituturi arja,
arang kang ngrungokake, denslamur asasembrana,
emoh yen anirua, malah males apitutur, pangrasane uwis wignya.

Para pemuda zaman sekarang ini jika dinasihati baik-baik jarang ada yang mendengarkan seraya bercanda dan tidak ada yang meniru bahkan ganti menasihati karena merasa sudah tahu

28

Aja ta mangkono ugi, yen ana wong cacarita,
rungokena saunine, ingkang becik sira nggoa,
bawungen ingkang ala, anggiten sajroning kalbu, ywa nganggo budi nonoman.

Jangan ada yang bersikap seperti itu. Jika ada yang sedang bercerita dengarkan sesuai dengan apa yang dikatakan, yang baik kau ambil, yang tidak baik kau buang. Semua itu camkan dalam hatimu, jangan biasakan bertindak sebagai pemuda (nonoman merupakan isyarat pola tembang berikut, yaitu sinom).

PUPUH 12: S I N O M

01

Ambege kang wus utama, tan ngendhak gunaning jalmi,
amiguna ing aguna, sasolahe kudu bathi,
pintere denalingi, bodhone dinokok ngayun,
pamrihe den inaa, aja na ngarani bangkit, suka lila denina sapadha-padha.

Perilaku orang yang telah mencapai tataran sempurna tidak akan membatasi atau mencela kepandaian orang lain, kepandaiannya disembunyikan sedangkan kebodohannya ditampilkan agar dihina, jangan sampai ada yang menyebutnya pandai, ia merasa bahagia jika ada yang menghinanya

02

Ingsun uga tan mangkana, balilu kang sun alingi,
kabisan sun dekek ngarsa, isin menek den arani,
balilu ing sujanmi, nanging batiningsun cubluk,

parandene jroning tyas, lumaku ingaran wasis, tanpa ngrasa prandene sugih carita.

Aku pun tidak begitu, kebodohankulah yang aku tutupi dan kepandaianku yang aku kedepankan karena malu jika disebut bodoh oleh orang lain, padahal aku bodoh namun ingin disebut pandai sehingga tanpa sadar (aku) banyak bercerita bohong

03

Tur duk ingsun maksih bocah, akeh kang amituturi,
lakuning wong kuna-kuna, lelabetan ingkang becik,
miwah carita ugi, kang kajaba saking ngebuk,
iku kang aran kojah, suprandene ingsun iki, teka nora nana undaking kabisan.

Padahal ketika aku masih kecil banyak yang bercerita tentang perilaku orang jaman dulu mengenai pengabdian yang baik serta cerita, termasuk cerita yang tidak benar adanya yang disebut dongeng, meskipun demikian, kepandaianku tidaklah bertambah

04

Carita nggonsun nular, wong tuwa kang momong dingin,
akeh kang sugih cerita, sun rungokna rina wengi,
samengko maksih eling sawise diwasaingsun,
bapa kang paring wulang, miwah ibu mituturi, tatakrama ing pratingkah raharja.

Adapun cerita yang kuberikan ini kuturunkan dari orang tua yang mengasuhku dulu, banyak cerita yang kudengarkan baik siang maupun malam sampai sekarang masih aku ingat. Setelah aku dewasa, ayah yang memberiku nasihat, sedangkan ibu yang mengingatkan tentang tata krama dan tingkah laku kebaikan

05

Nanging padha estokena, pitutur kang muni tulis,
yen sira nedya raharja, anggone pitutur iki,
nggoningsun ngeling-eling, pitutur wong sepuh-sepuh,
mugi padha bisa, anganggo pitutur becik, ambrekati wuruke wong tuwa-tuwa.

Namun turutilah nasihat yang tertulis ini, jika kau menghendaki keselamatan, laksanakan nasihat yang kuingat dari tetua, mudah-mudahan kalian dapat melaksanakan nasihat ini, sebab ajaran orang tua akan membawa berkah

06

Lan aja na lali padha, mring leluhur ingkang dhingin,
satindake denkawruhan, angurangi dhahar guling,
nggone ambanting dhiri, amasuh sariranipun,
temune kang sineja, mungguh wong nedha ing Widdhi, lamun temen lawas enggale tinekan.

Dan jangan ada yang berani mencela leluhur. Pahami laku berupa mengurangi makan dan tidur dengan cara 'menyakiti' diri untuk membersihkan diri sehingga akhirnya tercapai segala yang diinginkan. Adapun orang yang memohon kepada Yang Mahakuasa, cepat atau lambat akan dikabulkan jika sungguh-sungguh.

07

Pangeran kang sipat murah, njurungi kajating dasih,
ingkang temen tinemenan, pan iku ujare Dalil,
nyatane ana ugi, iya Ki Ageng Tarub,
wiwitane nenedha, tan pedhot tumekeng siwi, wayah buyut canggah warenge kang tampa.

Bukankah Yang Mahamulia itu memiliki sifat Maha Pemurah yang mengabulkan segala keinginan yang sungguh-sungguh. Bukankah demikian yang dikatakan hadits. Buktinya juga ada. Ki Ageng Tarub tak henti-hentinya memohon sehingga anak, cucu, buyut, canggah, wareng ikut mewarisinya

08

Panembahan senopatya, kang jumeneng ing Matawis,
iku kapareng lan mangsa, dhawuh nugrahaning Widdhi,
saturune lestari, saking brekating leluhur,
mrih tulusing nugraha, ingkang kari kari, wajib uga anirua lelakunira.

Panembahan Senopati yang memerintah di Mataram pun berkesesuaian dengan anugrah Yang Mahaesa keturunannya berkuasa turun temurun dari berkah leluhur, agar berkahmu lestari, seyogyanya kau ikuti laku

09

Mring luhur ing kuna-kuna, enggone ambanting dhiri,
iya sa kuwasanira, sakuwate anglakoni,
nyegah turu sathithik, sarta nyuda dhaharipun,
paribara bisaa, kaya ingkang dhingin dhingin, atirua sapratelon saprapatan.

Para leluhur jaman dulu. ‘Menyiksa diri sudah barang tentu semampumu, semampu kau melaksanakannya. Kurangi sedikit tidur dan makanmu. Tidak perlu meniru seluruhnya perilaku leluhur, sepertiganya atau seperempat saja sudah cukup

10

Ana ta silih bebasan, padha sinaua ugi,
lara sajroning kapenak, suka sajroning prihatin,

lawan ingkang prihatin, mapan suka ing jronipun,
iku densinaua, lan mati sajroning urip, ing wong kuna pan mangkono kang dengulang.

Bukankah ada peribahasa ‘belajarlah dalam nikmat, sakit dalam sehat, senang dalam penderitaan, prihatin dalam kesukaan, dan matilah dalam hidup. Begitulah laku orang jaman dulu

11

Pamoring gusti kawula, pan iku ingkang sayekti,
dadine sotya ludira, iku den waspada ugi,
gampange ta kaki, tembaga lawan emas iku,
linebur ing dahana, luluh amor dadi siji, mari nama kencana miwah tembaga.

